# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–16 फरवरी 2026** **भोजपुरी समाचार**

भारत एआई इम्पैक्ट सम्मेलन–2026 नई दिल्ली में शुरू हो गइल हौ। पांच दिने क ई सम्मेलन कौनो ग्लोबल साउथ देश में होखे वाला पहिला वैश्विक एआई शिखर सम्मेलन हवे। ई सम्मेलन वैश्विक एआई कार्ययोजना में भारत के भूमिका के मजबूत कइले क महातम वाला मंच हौ। प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी कहले हवें कि ई देसवसियन बदे ढेरे गरब क बाति हौ कि 'भारत एआई इम्पैक्ट शिखर सम्मेलन' बदे पुरी दुनिया से लोगि भारत आ रहल हवें। श्री मोदी शिखर सम्मेलन खातिर विश्व के नेता लोगि, उद्योगपति लोगि, नवप्रवर्तकन, नीति निर्माता लोगि, शोधकर्ता लोगि और प्रौद्योगिकी प्रेमियन क ढेरे स्वागत कइलें। येह बिच्चे, भारत मंडपम में आयोजित इंडिया एआई इम्पैक्ट समिट के देखत दिल्ली हवाई अड्डा यात्रियन के सुगम आवागमन बदे मेट्रो क उपयोग करे के कहले हवे। एगो सोशल मीडिया पोस्ट में, दिल्ली हवाई अड्डा यात्रियन के अइले–गइले के दौरान संभावित यातायात जाम आ देरी से बचे खातिर मेट्रो से चलले क सलाह दिहले हौ।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ हालिये में पेश कइल गइल बजट के नवाचार क इतिहासिक बजट बतवले हवें। 'योगी क पाती' नाम से एगो सोशल मीडिया पोस्ट में मुख्यमंत्री कहलन की नवनिर्माण के नौ बरिस क इ जतरा प्रगति पथ पर लगतारे गतिशील हौ। एगो रिपोर्ट–

**श्री योगी ने कहा है कि पिछले नौ वर्षो में प्रदेश ने उद्ययमशीलता नवचार एवं अवसंरचना की सशक्त आधारशिला रखी है। यह बजट उसी आधारशिला पर अत्याधुनिक प्रौद्योगिकी के साथ सफल भविष्य का निर्माण करेगा। उन्होंने कहा कि यह बजट लोगों की नौ आकांक्षाओं की पूर्ति का माध्यम बनेगा। श्री योगी ने कहा है कि एक ट्रिलियन डॉलर की अर्थव्यवस्था के लक्ष्य की प्राप्ति में सटीक डेटा एवं रियल टाईम डेटा मॉनिटरिंग के महत्व को देखते हुए स्टेट डेटा ऑथिरिटी का गठन किया जाएगा। प्रौद्योगिकी और एआई को लेकर बजट में विशेष व्यवस्था की गयी है। उत्तर प्रदेश एआई मिशन, एआई डेटा लैब, एआई सेंटर ऑफ एक्सीलेंस तथा डेटा सेंटर क्लसटर उत्तर प्रदेश को अत्याधुनिक प्रौद्योगिकी एआई और एवं डीपटेक के क्षेत्र में एक नये वैश्विक केन्द्र के रूप मे स्थापित करने में सहायक होगें। 'टेक युवा–समर्थ युवा' योजना के अंतर्गत पचीस लाख युवाओं को नई तकनीकों में प्रशिक्षित किया जाएगा। उन्होंने कहा कि गत नौ वर्षों में बिना कोई नया टेक्स लगाए विकास पथ पर सतत बढ़ते जाना सरकार के कुशल वित्तीय प्रबंधन का परिणाम है। नौ दशमलव बारह करोड़ यह दूरदर्शी बजट युवा महिला अन्नदाता और गरीब की आकांक्षाओं को साकार करेगा। समाचार कक्ष से प्रेम चन्द गुप्ता।**

**********

लखनऊ मेट्रो आजु क्यूआर आधारित टिकटिंग प्रणाली क शुरुआत कइ दिहलै। एकरे जरिया से अब यात्री घरवें बइठल टिकट बुक कई सकेलें। लखनऊ मेट्रो के प्रवक्ता बतवलें कि नया व्यवस्था के तहत अब लखनऊ मेट्रो के आधिकारिक मोबाइल ऐप, टिकट वेंडिंग मशीन चाहे टिकट काउंटर से क्यूआर टिकट आसानी से बुक करवावल जा सकेला। ऊहां के कहलीं कि टोकन वाला टिकट भी पहिलहीं के तरह स्टेशन पर उपलब्ध रही।

**********

अजोध्या धाम बस अड्डा से प्रदेस के अउरियो सहरन खातिर पहिली बेरि इलेक्ट्रिक बस चलावल जइहें। येह बसन के सुरू भइले से अजोध्या से लखनऊ, प्रयागराज, गोरखपुर अउर बनारस जइसन सहरन से कनेक्टिविटी अउरियो मजबूत हो जाई। होली के तिउहार के देखत परिवहन विभाग ई कदम उठवले हवे। परिवहन निगम अजोध्या क क्षेत्रीय प्रबंधक विमल राजन कहलें कि येह पहल से न खाली यात्रियन क सुविधा बढ़ी बलुक पर्यावरण के दिसा में ई महत्वपूर्ण कदम साबित होई।

**पर्यावरण को देखते हुए ये इलेक्ट्रिक बसों की सेवा शुरू कर रहे हैं। हम लोगों को 20 बसें मिली हैं जिनका संचालन हमलोग होली से करेंगे। जो भी यहां से मुख्यमार्ग हैं चाहे वो प्रयागराज हो चाहें वो बनारस का हो या गोरखपुर है, लखनऊ है, इन सभी मार्गो पर 5–5 बसें हम लोग संचालित करेंगे। साथ ही साथ उधर से भी बसों का संचालन होगा।**

**********

प्रदेश क मुख्य निर्वाचन अधिकारी नवदीप रिणवा आजु वाराणसी में चलि रहलि विशेष गहन पुनरीक्षण अभियान–एसआईआर के प्रगति क समीक्षा कइलें। श्री रिणवा कहलन कि निर्वाचन आयोग के निर्देश पर प्रदेश भर में मतदाता सूची के शुद्धिकरण क पुरजोर अभियान चलावल जा रहल हौ। उहां के स्पष्ट कइलीं कि निर्वाचन आयोग क मंशा हवे कि दस अप्रैल के प्रकाशित होखे जा रहल आखिरी मतदाता सूची पुरहर तरीका से त्रुटिरहित होखे। येह मौका पर श्री रिणवा बढ़िया कार करे वाले बीएलओ और सुपरवाइजर लोगिन के सम्मानितो कइलें।

**********

मौसम विभाग अगिला तीन दिनन में नीच्चे क तापमान धीरे धीरे दुई डिग्री सेल्सियस बढ़ले क संभावना जतवले हवे। विभाग के मोताबिक येह अवधि में मौसम शुष्क रही।

**********